

**PANGEMBANGAN MEDHIA AUDHIO VISUAL DHIORAMA PICTURE FRAME KANGGO
NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS TEKS DHESKRIPSI
SISWA KLAS VII SMPN 1 MADURAN KABUPATEN LAMONGAN
TAUN AJARAN 2017-2018**

Laela Rizka Fajriati

Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya

laelafajriyati@mhs.unesa.ac.id

Dra. Hj. Sri Sulistiani, M.Pd

Dosen Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Basa minangka salah sawijine piranti utama kanggo sesrawungan. Basa nduweni maneka warna ketrampilan yaiku maca, wicara, nulis, lan nyemak. Salah sawijine materi kang diwulangke ing SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan Kelas VII yaiku ketrampilan nulis, kanthi kompetensi dhasar “ngerteni struktur teks, unsur basa, lan tujuan panulisan saka teks dheskripsi.” Panliten iki menehi *inovasi* arupa medhia pasinaon awujud audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo mbiyantu pasinaon siswa utamane ing materi nulis teks dheskripsi. Underan panliten iki, yaiku: (1) Kepriye proses pangembangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (2) Kepriye efektifitas pangetrapan medhia audio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (3) Kepriye respon siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan tumrap pangembangan medhia audio visual dhiorama *picture frame*. Tujuan panliten iki yaiku: (1) Ndheskripsekake proses pangembangan medhia audio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (2) Ndheskripsekake efektifitas medhia audio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (3) Ndheskripsekake respon siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan tumrap pangembangan medhia audio visual dhiorama *picture frame*. Pangembangan iki kanggo guru dikarepake bisa dadi piranti tambahan kanggo medhia pasinaon utamane ing pasinaon nulis teks dheskripsi, menehi *kontribusi* tumrap sekolah kanggo ngupaya ngundhakake mutu pendhidhikan kanthi cara ngembangake medhia pasinaon kang *inovatif*.

Konsep sajrone panliten iki yaiku medhia audhio visual dhiorama *picture frame*, nulis, lan teks dheskripsi, ancas sing bakal digayuh, lan bab sing bakal disinaoni. *Inovasi* sing disuguhake yaiku kanthi menehi audhio sajrone medhia kang nyuguhake informasi medhia dhiorama *picture frame*. Panliten iki migunakake rancangan panliten pangembangan modhel Sugiyono, sing kawastanan modhel R&D. Modhel R&D diperang dadi sepuluh tahapan. Tahap wiwitan yaiku Analisis kabutuhan siswa lan tahap pungkasan yaiku prodhuksi. Analisis Kabutuhan siswa nuduhake asil HP rata-rata telung kelas yaiku 2,332 kalebu kriteria kurang jangkepi kompetensi. Tahap pungkasan dititiki kanthi ngujicobakake prodhuk. Saliyane iku, kanggo uji *efektivitas* saka prodhuk nggunakake dhesain *Quasi Experimental*. Sampel panliten sing digunakake yaiku klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, kanthi sampel klas VII-D minangka klas instrumen, VII-E minangka klas kontrol, lan VII-F minangka klas eksperimen. Teknik kang dienggo arupa tes, angket, lan observasi. Instrumen kang digunakake yaiku RPP, lembar angket, lan lembar tes. Kanggo uji dhata nggunakake uji *t-signifikasi* kanthi nggunakake SPSS.

Tembung Wigati: Pangembangan, Medhia Audhio Visual Dhiorama *picture frame*

PURWAKA

Pangrembakane ilmu pangetahuan lan teknologi sajrone era globalisasi nduweni pangribawa sajrone pendhidhikan kang saya suwe saya ngrembaka. Gegayutan karo pangrembakane ilmu pangetahuan lan teknologi kasebut, pendhidhikan nduweni peran kang gedhe. Pendhidhikan nduweni kuwajiban nyiapake generasi anyar kang sanggup ngadhepi tantangan jaman kang saya maju. Salah sijine cara kanggo ngatasi pangrembakane ilmu pangetahuan lan teknologi sajrone pendhidhikan yaiku ngrembakakake sarana pendhidhikan selaras karo ilmu pangetahuan lan teknologi kasebut.

Salah sijine wujud pangrembakane IPTEK, yaiku pangrembakane medhia pasinaon kayata medhia audhio

visual. Medhia kasebut nduweni prinsip dhasar, yaiku fokus ing peran aktif siswa. Kanggo ngrembakakake pangetrapan pangembangan sistem pasinaon, siswa minangka paraga utama kang aktif sajrone kagiyatan sinau lan mulang. Guru kang dadi fasilitator kanggo siswa supaya tujuan pasinaon bisa kalaksanan. (Arsyad, 2011:6).

Kurikulum 2013 ngandharake, teks tanggapan dheskripsi yaiku salah sijine materi pasinaon Basa Jawa kelas VII SMP/MTS saderajat. Teks dheskripsi yaiku teks kang nggambarake objek kanthi gamblang. Sajrone nyinauni teks dheskripsi, siswa kudu nggayuh Kompetensi Dhasar lan Kompetensi Inti. Tahapan sajrone nyinauni teks dheskripsi yaiku idhentifikasi, nemtokake,

nintingi, nyuguhake utawa nulis teks dheskripsi kanthi lisan utawa tulis. Tahapan mau bisa nggampangake siswa gayuh Kompetensi Inti lan Kompetensi Inti lan Kompetensi Dhasar sajrone nyinaoni teks dheskripsi.

Kamampuan basa wigati kanggo nyinoni teks tanggapan dheskripsi. Kamampuan basa diperang dadi papat yaiku nyemak, wicara, maca, lan nulis. Kapapat katrampilan kasebut nduweni peran kang wigati. Saka papat ketrampilan kasebut nulis dianggep paling angel. Bab kasebut amarga nulis mbutuhake unsur kabasan lan non kabasan kanggo ngasilake karangan (Nurgiyantoro, 1987:270). Mula ketrampilan nulis sing apik kuwi saka latihan kang bola-bali lan mbutuhake wektu kang ora sedhela.

Materi teks dheskripsi mbutuhake katrampilan nulis. Katrampilan nulis minangka katrampilan basa kang paling angel disinaoni sajrone panyinaon basa dibandhingake karo katrampilan basa liyane, amarga nulis nuntut panguwasan saka pirang-pirang aspek liya saka njaba basa anggone ndadekake wacana kang runtut lan padu (Nurgiyantoro, 2001:273). Andharan kasebut nuduhake yen katrampilan nulis dudu bab kang bisa tuwuh dhewe, nanging mbutuhake latihan.

Panganggane medhia kanggo nikelake *efektivitas* lan *kualitas* piwulangan nduweni peran kang wigati, nanging sing luwih wigati yaiku kanggo nikelake wawasan materi tumrap guru lan siswa. Beetlestone (2011: 2) ngandharake yen olehe guru mulang kanthi *kreatif* bisa ngembangake *kualitas* pendhidhikan, pasinaon luwih nduweni makna lan nuwuhake cara-cara kang luwih nyenengake salaras karo kurikulum. Pamikire siswa ora bisa ngrembaka yen ora disengkuyung dening *kreativitas* guru.

Adhedhasar masalah kasebut panliten ngangkat judhul “Pangembangan Medhia Audhio Visual Dhiorama *picture frame* kanggo Ngundhakake Kompetensi Nulis Teks Dheskripsi Klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan Taun Ajaran 2017-2018”. Pamilihan medhia kang dikembangake iki dikarepake bisa dadi acuan sajrone proses piwulangan kanggo guru basa dhaerah, mligine basa Jawa. Medhia kang dipilih panliten yaiku medhia audhio visual dhiorama *picture frame*. Medhia kasebut bakal dikembangake dadi sawijining medhia kang bisa biyantu siswa nulis teks dheskripsi. Underan ing panliten iki yaiku (1) kepriye proses pangembangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan (2) kepriye *efektivitas* pangetrapan medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan (3) Kepriye respon siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan tumrap pangembangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame*.

Ancas ing panliten iki yaiku (1) ndheskripsekake proses pangembangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (2) Ndheskripsekake *efektivitas* medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kanggo

ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, (3) Ndheskripsekake respon siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan tumrap pangembangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame*.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Ana saperangan panliten kang mujudake panliten pangembangan sing saemper karo panliten pangembangan iki, ing antarane yaiku :

(1) *Pengembangan Medhia Diorama Papercraft untuk pembelajaran menulis teks deskripsi berpendekatan saintefik siswa kelas VII SMPN 3 Sidoarjo Tahun Ajaran 2016/2017* dening Reny Maryati (Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Indonesia). Panliten kang diasilake yaiku pengembangan media dhiorama *papercraft* ngundhakake prestasi siswa anggone nulis teks dheskripsi. Ing panliten iki asile *komponen* medhia kagolong apik banget lan *komponen* materi kagolong apik. Adhedhasar etungan *efektivitas* pasinaon ing klas eksperimen lan kontrol asile *signifikan* yaiku $t_{hitung} = 2,985$. Asil analisis angket respon siswa klas eksperimen yaiku persentase biji 79,6% kagolong apik. Respon siswa klas uji instrumen kagolong apik kanthi persentase 83,3%. Adhedhasar panliten kasebut bisa didudut hipotesis ana pambada kang *signifikan* antarane asil pasinaon klas kontrol an eksperimen. Medhia pasinaon dhiorama *paper craft* bisa ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 3 Sidoarjo.

Pambedane panliten sadurunge klawan panliten iki yaiku panliten sadurunge nerapake jinis medhia visual dhiorama kabuka (*papercraft*) sajrone piwulangan nulis teks dheskripsi, dene panliten ini nerapake medhia audhio visual dhiorama katutup (*picture frame*) sajrone piwulangan nulis teks dheskripsi. Panliten sadurunge ditindakake ing SMPN 3 Sidoarjo, dene panliten iki ditindakake ing SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan.

(2) *Pengembangan Media Pembelajaran Diorama Daur Air Pada Mata Pelajaran IPA Kelas V SD Negeri Seyegan* dening Septia Kiswandari (Jurusan Pendhidhikan Guru Sekolah Dasar, Universitas Negeri Yogyakarta, 2016). Ing panliten iki asile *komponen* medhia kagolongan apik lan materi kagolongan apik banget. Asil kalayakan medhia yaiku 3,88 miturut ahli medhia, lan 4,21 miturut ahli materi, lan biji pungkasan 4,69 miturut ahli praktisi, pamahaman siswa tumrap materi adhedhasar aspek kognitif rata-rata 76,7%. Adhedhasar panliten kasebut bisa didudut hipotesis medhia pasinaon diorama *daur air* layak digunakake kanggo pasinaon materi daur air tumrap pasinaon IPA klas V SDN Sayegan.

Pambedane panliten sadurunge klawan panliten iki yaiku panliten sadurunge nerapake medhia dhiorama visual

sajrone piwulanagan daur air, dene panliten ini nerapake medhia audhio visual dhiorama katutup sajrone piwulangan nulis teks dheskripsi. Panliten sadurunge ditindakake ing SDN Sayegan, dene panliten iki ditindakake ing SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan.

Konsep Medhia

Medhia asale saka basa latin *medium* kang tegese panglantar. Metodhe yaiku panglantar pesan saka pangirim tumuju panrima (Sadiman dkk, 2010:6). Medhia yaiku pesan materi pasinaon saka guru kanggo siswa. Briggs (sajrone Sadiman dkk, 2010:6) ngandharake yen medhia yaiku piranti fisik kang dienggo nyuguhake warta, supaya ngrangsang siswa kanggo sinau.

Heinich (sajrone Susilo, 2009:6) ngandharake yen medhia yaiku piranti kanggo komunikasi. Miarso (sajrone Susilo, 2009:6) ngandharake yen medhia yaiku apa wae kang bisa digunakake kanggo nyalurake pesan kanggo ngrangsang pamikir, pangrasa, lan kabisane siswa kanggo sinau.

Jinis-Jinise Medhia

Sadiman (2009:28-55) ngandharake jinis-jinise medhia pasinaon, kayata:

(1) Medhia Grafis

Medhia grafis padha karo medhia visual kang fungsi kanggo nyalurake pesan saka sumber marang panrima pesan. Medhia visual nggunakake pancadriya mata kanggo ndeleng medhia. Pesan kang disalurake sajrone magnet-magnet komunikasi visual.

Simbol-simbol kasebut kudu dingerteni supaya proses anggone nyalurake bisa kasil lan efisien. Medhia grafis utawa visual uga kanggo narik kawigaten, nyethakake idhe utawa gagasan.

(2) Medhia Audhio

Medhia audhio nggunakake pancadriya kuping, amarga nyalurake pesan liwat pangrungu. Pesan kang disalurake sajrone lambang-lambang *auditif*. Ana pirang-pirang jinis medhia kang diklompokake sajrone medhia audhio, kayata radhio, piranti kanggo ngrekam pita magnetik, laboratorium basa, lan liyane.

(3) Medhia Proyeksi Diam

Medhia *proyeksi diam* memper karo medhia grafis kang nyuguhake rangsangan-rangsangan visual. Bahan-bahan grafis kang asring digunakake kanggo medhia iki. Pambedane, yen medhia grafis bisa interaksi kanthi langsung karo pesan medhia kang gegayutan karo medhia proyeksi, pesan kasebut kudu diproyeksekake kanthi nggunakake proyektor supaya bisa dideleng dening sasaran.

Konsep Dhiorama

Munadi (2012:109) ngandharake yen medhia dhiorama yaiku wujud medhia telung dhimensi kang ukurane cilik lan nuduhake gambar alam utawa objek tartamtu kanggo njlentrehake kedadeyan. Sajrone dhiorama ana piranti-piranti telung dhimensi kang

ukurane cilik kayata wong-wongan, wit-witan, omah-omahan, lan liyane.

Miturut Sumanto (2006, 156-157) dhiorama diperang dadi telu, yaiku:

1) Dhiorama Katutup

Dhiorama katutup diwatesi karo frame utawa pigora, Jinis dhiorama iki mung bisa dideleng saka ngarep, kayata dhiorama *Picture frame*.

2) Dhiorama Kabuka

Dhiorama kabuka yaiku dhiorama kang objek-objeke bisa dicekel langsung amarga ora ana tutupe.

3) Dhiorama Lipat

Modhel dhiorama iki bisa ditutup amarga jinis dhiorama lipat, lan bisa dideleng saka ngarep lan samping awujud kaya koper.

Medhia Audhio Visual Dhiorama Picture Frame.

Medhia audhio visual dhiorama *picture frame* yaiku medhia telung dhimensi jinis katutup kang nggunakake rekaman (audhio). Medhia iki nggunakake frame utawa pigora kanggo wadah, lan nggunakake tombol kang nuduhake rekaman nyritakake kedadeyan kang ana ing medhia kasebut. Medhia iki digunakake kanggo nggampangake siswa olehe nyinaoni materi nulis teks dheskripsi. Kanthi tema papan pariwisata kang diangkat sajrone medhia, bisa nggampangake siswa olehe ngrangsang pamikir, pangrasa, lan nuwuhake imajinasi siswa kanggo nggambarake kedadeyan ing medhia.

Medhia audhio visual dhiorama *picture frame* nduweni kaluwihan lan kakurangan kang umume mesthi ana ing saben medhia piwulangan. Kaluwihan lan kakurangan medhia bisa dadi tolok ukur asile medhia piwulangan kang cundhuk karo materi lan tujuwan pasinaon. Kaluwihan yaiku apa wae kang nuduhake karakteristik saka bab medhia, kaluwihan medhia audhio visual dhiorama *picture frame*, yaiku:

- a) Bisa ngilangake rasa bosen siswa amarga medhia kang digunakake luwih variasi.
- b) Cocog digunakake kanggo piwulangan nulis teks dheskripsi.
- c) Ngrangsang pamikir, pangrasa, lan nuwuhake daya imajinasi siswa kanggo nggambarake kedadeyan sajrone medhia.
- d) Anane rekaman kang luwih narik kawigaten siswa lan nggampangake siswa anggone nulis teks dheskripsi.

Ana kaluwihan uga ana kakurangan. Kakurangan yaiku apa kang dirasa ora ana sajrone medhia lan bisa dadi eleke medhia kasebut. Kakurangan medhia audhio visual dhiorama *picture frame*, yaiku mbutuhake ancangan sing mateng lan wektu kang suwe anggone ngrancang miniatur lan rekaman kang nggambarake kedadeyan.

Miturut (Hermawan, 2007) medhia audhio visual mujudake medhia intruksional modern kang selaras kaliyan pangrembakane IPTEK, awujud medhia kang

bisa dideleng lan dirungokake amarga nduweni perangan swara lan perangan gambar.

Konsep Nulis

Nurgiyantoro (1987:270-271) ngandharake yen kagiyatan nulis minangka wujud kawasisan lan ketrampilan basa, sawise kamampuan nyimak, wicara, lan maca. Tinimbang telu kamampuan basa liyane, kamampuan nulis luwih angel. Bab kasebut amarga kamampuan nulis kudu nguwasai pirang-pirang perangan basa lan perangan sajabane basa iku dhewe sing dadi isi karangan. Tarigan (2008:22-23) ngandharake yen nulis wigati banget tumrap pendhidhikan amarga nggampangake siswa anggone mikir kanthi kritis, ngasah daya tanggap, lan nyusun urutan pengalaman.

Teks Dheskripsi

Tarigan (2008:8) Teks dhskripsi yaiku teks kang nggambarake objek kanthi cetha lan gamblang. Kayata objek wisata, papan panggonan tartamtu, lan prastawa tartamtu. Struktur teks dhskripsi yaiku idhntifikasi, utawa gambaran umum ngenani objek kang ditulis, banjur dhskripsekake bageyan kang ngandharake objek kanthi gamblang kanthi tanggapan subjektif saka panulis, bisa uga apa kang dirasakake panulis nalika ngamati objek. Struktur teks dhskripsi kang pungkasan yaiku simpulan utawa kesan kang isine ngenani jlentrehan panulis olehe gambarake objek kanthi kaseluruhan, kamangka bisa nuduhake swasana utawa pangrasa panulis.


Teks dhskripsi nduweni tujuwan gawe pamaca bisa ngrasakake kedadeyan, kayata ndeleng ndewe, ngrungokake dhewe, lan ngalami kedadeyan apa kang digambarake panulis. Kamangka anggone nulis teks dhskripsi kudu bisa nggambarake kanthi cetha lan gamblang supaya pamaca uga bisa paham marang kedadeyan utawa objek kang didhskripsekake.

METODHE PANLITEN

Panliten iku kalebu jinis panliten lan pangembangan (*research and development*). Miturut Borg lan Gall (1983:772) panliten lan pangembangan yaiku “*educational Research lan Development (RnD) is a process used to develop and validate educational products*”. Wiwit panliten lan pangembangan iki, panliti ngupaya kanggo ngembangake prodhuk kang layak lan *efektif* digunakake sajrone pasinaon. Panliten uga bisa mangerteni siswa iku bisa apa orane apa kang diterangake guru ing njero klas lumantar medhia kang wis digawe. Prodhu kang dikembangake nalika panliten iki yaiku medhia pasinaon fisik audhio visual dhiorama *picture frame* sajrone materi Teks Dheskripsi.

Panliten iki nggunakake metode penelitian lan pangembangan utawa *Research and Development*

(*R&D*). *R&D* yaiku metode panliten kang digunakake kanggo ngasilake prodhuk tartemtu, lan nguji *efektif* apa orane prodhuk kasebut (Sugiyono, 2012:297). Tahap sajrone metodhe panliten pangembangan iki adhedhasar konsep saka Sugiyono. Tahap iki minangka pathokan kanggo proses ngembangake medhia supaya medhia kang dikembangake bisa digunake sajrone pasinaon. Miturut Sugiyono (2015:298) tahap sajrone metodhe panliten pangembangan (*Research & Development*) yaiku:



Bagan 3.1 Tahapan Panganggone Metodhe (*Research & Development*)

potensi lan masalah kang dialami dening siswa. Potensi yaiku sakabehe samubarang kang menawa digunakake bisa menehi nilai tambah. Masalah uga bisa kalebu potensi. Masalah yaiku panyimpangan antarane apa kang dipengini karo apa kang kedadeyan. Masalah kasebut bisa dipungkasi kanthi cara *R&D*. Carane yaiku nliti saengga nemtokake sawijine teknik, medhia utawa cara kang efektif. Kawiwitan cara kanggo meruhi apa masalah lan potensi siswa, kanthi wawancara lan nyebarake angket kabutuhan siswa.

2) Ngumpulake Dhata

Sawise meruhi apa masalah kang dialami dening para siswa, sawise nindakake wawancara dening guru pamong, langkah sabanjure yaiku nglumpukake dhata. Dhata ing kene yaiku informasi saka wawancara karo guru pamong lan tahap nyebarake angket. Asil saka wawancara karo guru pamong lan angket kabutuhan siswabisa didadekake bahan kanggo ngrancang sawijine prodhuk tartamtu kang diajab bisa mungkasi masalah sajrone proses piwulangan.

3) Dhesain Prodhu kang

Prodhu kang diasilake sajrone panliten pangembangan bisa maneka warna jinise. Dhesain prodhuk iki kudu digambarake kanthi cetha kepriye gambaran prodhuk kang dirancang lan diwujudake lumantar gambar utawa bagan. Saliyane iku uga dijangkepi karo andharan ngenani gambar utawa dhesain kang digunakake sajrone medhia, sarta cara panganggone medhia.

4) Validhasi Dhesain

Validhasi dhesain yaiku proses mbiji prodhuk anyar kang mari didhesain. Validhasi iki lumantar para ahli, yaiku ahli medhia lan ahli materi utawa ahli sapanunggalane. Tujuwan saka validhasi ahli iki yaiku

supaya bisa meruhi kepriye medhia sawise didhesain, kakurangan, kaluwihan, sarta kekuwatane medhia.

5) Revisi Dhesain

Revisi dhesain iki ditindakake sawise validhasi dhesain lan wis weruhi kakurangan lanasil biji saka para ahli, banjur panliti bisa ngrevisi prodhuk kang dikembangake.

6) Uji Coba Prodruk

Sawise revisi dhesain ora bisa langsung nindakake uji coba nanging dhesain medhia kudu ditrapake ing wujud medhia kang siyap digunakake kanggo proses pasinaon. Wujud uji coba ing kene bisa kanthi cara uji instrumen yaiku mbandhingake antarane efektivitas prodhuk kasebut. Uji coba prodhuk iki bisa diuji coba ing klas uji instrumen, banjur dibiji apa kakurangane saka prodhuk kasebut

7) Revisi Prodruk

Sawise nguji coba marang ahli materi lan medhia, langkah sabanjure yaiku revisi prodhuk. Saka uji coba prodhuk bisa diweruhi kakurangan lan babagan apa wae kang kudu dibenerake. Revisi prodhuk iki tujuwane kanggo ngasilake prodhuk kang luwih apik lan minimalake kakurangane prodhuk.

8) Ujicoba Nggunakake

Uji coba nggunakake ditindakake sawise ngrevisi apa kang dirasa kurang sajrone prodhuk. Uji coba nggunakake iki diujicoba ing kahanan kang nyata yaiku ditrapake sajrone proses pasinaon tumrap siswa. Proses iki uga nliti lan mbiji apa kang isih kurang lan butuh diowahi supaya prodhuk kang dikembangake luwih apik.

9) Revisi Prodruk

Sawise ditrapake sajrone pasinaon lan meruhi babagan kang njalari anane kekurangan prodhuk kasebut, banjur ditindake revisi prodhuk, Saben tahap lan kagiyatan sajrone nguji coba tansah dibiji apa isih ana kekurangan supaya prodhuk bisa maksimal.

10) Prodhuksi

Medhia iki ditindakake nalika prodhuk kang diasilake dirasa wis efektif lan wis layak. Layak orane medhia kasebut bisa saka adhedhasar asil pasinaon siswa kang nggunakake medhia kasebut. Saliyane iku uga saka efektifitas medhia.

Panliten iki ngembangake bahan ajar arupa materi nulis teks dheskripsi kang disinaoni siswa kanthi medhia audhio visual dhioramapicture frame. Prodruk medhia iki banjur di validhasi kanggo mangerteni kalemahan medhia audhio visual dhioramapicture frame lan bisa dideleng saka pambiji para ahli. Medhia kang wis dikembangake banjur dinggo nliti asil pasinaon siswa serta respon siswa tumrap bahan ajar kang dikembangake. Panliten iki ditindakake tumrap siswa kelas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan.

Sugiyono (2012:137) ngandharake teknik ngumpulake dhata bisa dilakokake kanthi maneka warna setting, sumber, lan cara. Setting cara ngumpulake dhata sacara alamiah (natural setting), metode eksperimen, responden, seminar, diskusi lsp. Saka sumber dhatane bisa nggunakake sumber primer lan sumber sekunder. Cara utawa teknik ngumpulake dhata yaiku bisa kanthi cara *pre-test* lan *post-test*, kuesioner (angket), observasi (pengamatan), wawancara lan nggayutake sakabehane.

1. Observasi

Teknik observasi minangka teknik kang digunakake dening panliti kanggo ngukur tingkat *keefektivan* medhia audhio visual dhiorama picture frame kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran, Kabupaten Lamongan. Teknik observasi sajrone panliten iki nglibatake observer utawa pangamat, yaiku guru basa Jawa kelas VII SMPN 1 Maduran. Peran guru basa Jawa minangka pamulang nalika tahap uji coba medhia digantekake dening panliti, banjur guru basa Jawa kasebut nduweni tugas minangka observer kang menehi nilai marang siswa nalika proses pasinaon. Alesan nggunakake guru basa Jawa klas VII SMPN 1 Maduran minangka observer tunggal gegayutan karo kaprktisan nalika panliten.

Supaya luwih cetha, ing ngisor iki prosedur pangumpulan dhata nggunakake teknik observasi kang digunakake panliti. (1) Nemtokake lan nyusun kriteri penilaian aktivitas siswa kang digunakake ing lembar observasi. (2) Menehake lembar observasi marang observer. (3) Nyuwun tulung marang observer kanggo ngisi lembar observasi adhedhasar asil pengamatan nalika pasinaon teks dheskripsi nggunakake medhia audhio visual dhioramapicture frame (4) Ngumpulake lembar observasi kang wis diisi dening observer.

2. Wawancara

Teknik wawancara ditindakake kanggo oleh dhata kang wiwitan supaya meruhi masalah lan kahanan siswa. Miturut Sugiyono (2015:138) wawancara diperang dadi loro yaiku wawancara terstruktur lan ora terstruktur. Sajrone panliten iki, panliti nindakake wawancara ora terstruktur marang guru mata pelajaran Basa Jawa klas VII. Wawancara iki tujuane kanggo ngerteni karakteristike siswa, teknik pasinaon sing ditrapake guru sarta perkara kang diadepi siswa sajrone proses pasinaon. Wawancara sajrone panliten kedadeyan spontan nalika observasi kanggo njangkepi dhata sing dibutuhake

3. Tes

Miturut Arikunto (2013:266), tes digunakake kanggo mangerteni kawasisan dhasar, pencapaian utawa prestasi. Carane ngukur kawasisan dhasar antarane: tes ngukur IQ, tes minat lsp. Nindakake tes dadi kagiyatan kang wigati banget kanggo ngumpulake dhata

Sajrone panliten iki tes kang digunakake ana loro, yaiku: (1) *Pretest* lan (2) *Post-Test*. (1) *Pretest* yaiku tes kawiwitan kanggo sampel sadurunge diwenehi

pamulangan nulis teks dheskripsi. Tujuwan *pretest* iki kanggo mangerteni kemampuan lan katrampilan siswa. (2) *Post-test* yaiku tes sawise siswa diwenahi pamulangan nulis teks dheskripsi. Kaloro tes kasebut ditindakake kanthi alokasi wektu kang padha. Materi test uga padha.

4. Angket

Sugiyono (2012:142) ngandharake angket yaiku teknik nglumpukake dhata kang dilakokake kanthi cara menehi pitakon-pitakon tinulis marang responden kanggo mangsuli. Uma Sekaran sajrone Sugiyono (2012:142) ngandharake ana prinsip-prinsip sajrone nulis angket minangka teknik nglumpukake dhata yaiku; prinsip panulisan, pangukuran lan tampilane fisike.

Sajrone panliten iki angket kang disebarake kawiitan yaiku angket ngenani kabutuhan siswa. Angket iki kanggo mangerteni kahanan siswa kang kawiitan lan ngenani apa kang dibutuhake siswa. Sawise anane panliten, panliti nyebarake angket respon siswa. Angket iki kanggo menehi respon siswa nalika wis diwenahi tindakan. Tindakan ing kene yaiku pamulangan nggunakake medhia audhio visual dhioramapicture frame. Angket iki kanggo sakabehe sampel kang atuk tindakan.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Andharan asil panliten iki bakal ngandharake wangsulane saka bab kang dadi underane panliten. Andhedhasar bab kasebut mula ing kene bakal dinadharake ngenani proses anggone ngembangake medhia audhio visual dhioramapicture frame, *efektifitas* medhia audhio visual dhiorama picture frame kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks dheskripsi tumrap siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan, lan response siswa sawise nggunakake medhia audhio visual dhioramapicture frame.

1. Proses Pangembangan Medhia Audhio Visual Dhioramapicture Frame

Adhedhasar pola pangembangan Sugiyono, ana saperangan langkah kang kudu ditindakake kanggo ngembangake medhia. Tahap kang kawiitan yaiku nganalisis kabutuhan masalah lan analisis isi medhia. Sadurunge nganalisis masalah luwih dhisik ngumpulake dhata-dhata masalah kang dialami siswa sajrone pasinaon nulis teks drama modern. Pangumpulan dhata kasebut kanthi cara mbagekake angket kabutuhan siswa marang kelas sampel kang wis ditemtokake yaiku klas Instrumen, klas kontrol lan klas eksperimen, klas VII-D minangka klas instrumen diolei HP 2,139. Klas VII-E minangka klas kontrol rata-rata HP yaiku 2,34, lan ing klas VII-F minangka klas eksperimen rata-rata HP yaiku 2,32. Saka katelu klas kasebut bisa dirata-rata HP yaiku 2,32. Asil kasebut kalebu ing kriteria “ora njangkepi kompetensi”. Adhedhasar asil angket kabutuhan siswa kasebut diputusake nggunakake medhia audhio visual dhiorama picture frame kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi.

Sawise diputusake apa jinis medhia sing salaras karo kabutuhan siswa kang disebar mau, banjur dianakake isi medhia kanthi ngrumusake indikator lan tujuwan pasinaon adhedhasar KI lan KD kang wis

ditemtokake. Sawise iku banjur tahap dhesain prodhuk, sajrone dhesain prodhuk iku ana piranti kanggo nggawe medhia audhio visual dhioramapicture frame lan uga dhesain ilustrasi. Medhia audhio visual dhioramapicture frame iki digambar ing *photoshop*, dadi gambaran ilustrasine bisa apik lan narik kawigaten. Sawise dhesain rampung, banjur ana tahap implementasi kanggo ngapiki medhia supaya siswa katarik kawigatene, kayata nyetak gambar, ngguntingi gambar lan gawe pigorae, uga gawe rekaman kang mujudake audhio sajrone medhia.

Sabanjure yaiku validasi marang ahli materi, supaya bisa dipriksa *kualitas* medhia audhio visual dhioramapicture frame iki, cocok apa ora yen dikembangake ing materi nulis teks dheskripsi. Asil validasi materi bisa didudut yen medhia audhio visual dhioramapicture frame dadi bahan ajar kang dikembangake layak digunakake kanthi persentase 93,75% nuduhake yen medhia kasebut layak digunakake amarga persentasene sadhuwure 61%. Asil validasi ahli medhia, yen dideleng saka gambaran ilustrasi lan warna wis narik kawigaten lan cocok yen digunakake ing siswa klas VII. Mula ahli validasi medhia menehi biji kang apik, kanthi persentase 91,66%. Saka ahli medhia lan ahli materi medhia bisa didudut yen medhia audhio visual dhioramapicture frame layak digunakake kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks dheskripsi.

Sawise validasi ahli medhia lan ahli materi, banjur nindakake revisi saka ahli medhia lan ahli materi. Samarine direvisi banjur nindakake uji kalayakan medhia marang klas instrumen, yen dirasa layak bisa diuji *efektifitas* marang klas eksperimen minangka klas nggunakake medhia, kang dibandhingake karo klas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia.

2. Uji Efektifitas Medhia Audhio Visual Dhiorama picture Frame

Dhata asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol, yaiku kanggo ngerteni bedane *efektifitas* pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi *efektifitas* medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis *efektifitas* pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis teks dheskripsi.

Dayane medhia audhio visual dhioramapicture frame kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumus *t-test* signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

- a) Ngrumusake hipotesis H_1 lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone klas kontrol lan klas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :
 H_1 : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol
 H_0 : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol
- b) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria

nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol 131-1 = 29 lan saka kelas eksperimen 31-1 = 29, mula db = 62-2 = 60 taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$

c) Nemptokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten I. Kriteria yaiku :

$T_{hitung} \geq t_{tabel} =$ kanggo (H_0 ditolak)

$T_{hitung} \leq t_{tabel} =$ ditolak (H_0 ditampa)

Adhedhasar tahapan ing ndhuwur, sabanjure bakal ngitung *t-test* signifikan. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikan, yaiku:

Tabel 1
Efektifitas Pasinaon Klas Eksperimen lan Klas Kontrol
(Panliten 1)

Klas Kontrol				Klas Eksperimen			
No	Pretest X1	Posttest X2	Beda (X)	No	Pretest Y1	Posttest Y2	Beda (Y)
1	40	34	-6	1	50	64	14
2	40	44	4	2	67,5	94	26,5
3	50	40	-10	3	87,5	90	2,5
4	40	30	-10	4	87,5	64	-23,5
5	30	40	10	5	50	90	40
6	40	40	0	6	77,5	90	12,5
7	40	34	-6	7	87,5	84	-3,5
8	32,5	54	21,5	8	85	78	-7
9	57,5	54	-3,5	9	57,5	84	26,5
10	47,5	34	-13,5	10	85	60	-25
11	32,5	54	21,5	11	57,5	80	22,5
12	57,5	54	-3,5	12	50	64	14
13	57,5	70	12,5	13	40	68	28
14	55	40	-15	14	40	64	24
15	37,5	30	-7,5	15	47,5	74	26,5
16	30	40	10	16	57,5	74	16,5
17	32,5	50	17,5	17	57,5	94	36,5
18	50	50	0	18	77,5	84	6,5
19	40	40	0	19	87,5	70	-17,5
20	40	54	14	20	57,5	74	16,5
21	50	70	20	21	70	68	-2
22	67,5	66	-1,5	22	57,5	84	26,5
23	57,5	60	2,5	23	77,5	64	-13,5
24	50	36	-14	24	57,5	74	16,5
25	30	60	30	25	77,5	90	12,5
26	57,5	46	-11,5	26	75	70	-5
27	30	30	0	27	57,5	64	6,5
28				28	50	94	44
Σ	1192,5	1254	77,5		1830	2152	

Rumus kanggo ngitung *t-test* signifikan yaiku:

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2} \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}}$$

Katrangan :

Mx : biji rata-rata saka deviasi (beda) perklompok kontrol

My : biji rata-rata saka deviasi (beda) perklompok eksperimen

Nx : cacah subjek kontrol

Ny : cacah subjek eksperimen

X : deviasi saben biji x_1 (*pre-test*) lan x_2 (*post-test*) klompok kontrol

Y : deviasi saben biji x_1 (*pre-test*) lan x_2 (*post-test*) klompok eksperimen

$\sum x^2$: cacah kuadrat deviasi klompok kontrol

$\sum y^2$: cacah kuadrat deviasi klompok eksperimen

(Riduwan, 2015 :16)

Tata cara ngitung *t-test* signifikan, yaiku :

1) Ngitung deviasi saben subjek : $d =$ biji *post-test* – biji *pre-test*.

2) Ngitung cacah deviasi klompok kontrol

$$\sum x^2 = Mx^2 - \frac{(\sum x)^2}{N}$$

Ngitung cacah kuadrat deviasi klompok eksperimen

$$\sum y^2 = My^2 - \frac{(\sum y)^2}{N}$$

3) Nemptokake *t-test* nganggo rumus kasebut.

4) Nemptokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria

nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol 31-1 = 30 lan

saka kelas eksperimen 31-1 = 30, mula db = 62-2 = 60 taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$. Yen $T_{hitung} \geq$

t_{tabel} tegese ana beda sing signifikan antarane asil

pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Dadi medhia kang dikembangake efektif ing pasinaon teks

dheskripsi.

Tahapan ngitung *t-test* Signifikan nggunakake SPSS, kayata:

(1) Mbukak program SPSS kanthi klik **Start>>All programs>>IBM SPSS Statistics>> IBM Statistis 22**,

(2) Sajrone bab SPSS 22 sing wis kabukak, klik **Variable View**,

(3) Sajrone kolom **Name**, baris kapisan tulis *pre-test* klompok eksperimen panliten 1 sajrone label bisa dikosongake, kanggo kolom *measure* dipilih *scale*. Baris kapindho tulis *post-test* klompok eksperimen panliten 1 sajrone *measure* milih nominal. Kanggo kolom liyane *default*,

(4) Mlebu ing dhata view kanthi klik **dhata view**, mula bakal kabukak dhata view,

(5) Klik **Analyze >> Compare Means>> Independent Samples T Test.**,

(6) Sabanjure bakal kabukak kotak dhialog,

(7) Nglebokake variable *pre-test* lan *Post test* klompok eksperimen panliten 1 sajrone kotak **Grouping Variable**. Banjur klik tombol **Define Groups** bakal kabukak kotak dhialog,

- (8) Sajrone Group 1 diisi angka 1, sing artine klompok *pre-test* eksperimen 1, sajrone Group 2 diisi angka 2 sing tegese klompok *post-test* eksperimen 1 banjur klik *continue* (mula bakal balik menyang kotak dialog sadurunge)
- (9) Klik Ok. Asil output kayata tabel iki:

Tabel 1
Asil t-test Klompok Eksperimen Panliten 1

Group Statistics				
	VAR00002	N	Mean	Std. Deviation
Beda	1,00	28	10,6071	9,61611
	2,00	27	5,0000	6,71393
				Std. Error Mean
				1,81727
				1,29210

Independent Samples Test									
		Levene's Test for Equality of Variances		t-test for Equality of Means					
		F	Sig.	t	df	Sig. (2-tailed)	Mean Difference	Std. Error Difference	95% Confidence Interval of the Difference
Beda	Equal variances assumed	1,845	,180	2,499	53	,016	5,60714	2,24407	1,10610 10,10819
	Equal variances not assumed			2,515	48,364	,015	5,60714	2,22980	1,12470 10,08958

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* ing panliten I yaiku klas kontrollan klas eksperimen bisa dideleng $t_{hitung} = 2,499 \geq t_{tabel}(0,05 \text{ db}=14) = 2,05$. Bab kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, dadi ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon klas kontrollan klas eksperimen. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen medhia audhio visual dhioramapicture framenduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN1 Maduran Kabupaten Lamongan. Dadi medhia pasinaon kang dikembangake *efektif* ing pasinaon teks dheskripsi.

Dhata asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol panliten 2, yaiku kanggo ngerteni bedane *efektifitas* pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi *efektifitas* medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis *efektifitas* pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis dheskripsi.

Dayane medhia pasinaon audhio visual dhioramapicture framekanggo ngundhakake nulis teks dheskripsi ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumust *t-test* signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

- a) Ngrumusake hipotesis H_1 lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone klas kontrol lan klas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :
- H_a : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol
- H_0 : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol

- b) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol $31-1 = 29$ lan saka kelas eksperimen $31-1 = 29$, mula db = $62-2 = 60$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$
- c) Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten 2. Kriteria yaiku :
- $T_{hitung} \geq t_{tabel}$ = kanggo (H_0 ditolak)
- $T_{hitung} \leq t_{tabel}$ = ditolak (H_0 ditampa)

Tandhingan saka asil pasinaon klas kontrol lan klas eksperimen sing ngandharake dhata saka medhia pasinaon audhio visual dhioramapicture frame.

Adhedhasar tahapan ing ndhuwur, sabanjure bakal ngitung *t-testsignifikasi*. Tahap kanggo ngitung *t-testsignifikasi*, yaiku :

Tabel 2
Efektifitas Pasinaon Klas Kontrollan Klas Eksperimen (Panliten 2)

Klas Kontrol				Klas Eksperimen			
No	Pretest X1	Posttest X2	Beda (X)	No	Pretest Y1	Posttest Y2	Beda (Y)
1	52,5	70	17,5	1	75	80	5
2	50	54	4	2	67,5	94	26,5
3	42,5	54	11,5	3	97,5	94	-3,5
4	52,5	60	7,5	4	97,5	80	-17,5
5	32,5	54	21,5	5	57,5	90	32,5
6	42,5	54	11,5	6	97,5	94	-3,5
7	52,5	54	1,5	7	97,5	94	-3,5
8	50	54	4	8	95	80	-15
9	67,5	80	12,5	9	57,5	90	32,5
10	62,5	70	7,5	10	77,5	84	6,5
11	50	50	0	11	75	80	5
12	70	70	0	12	75	70	-5
13	77,5	80	2,5	13	57,5	70	12,5
14	77,5	80	2,5	14	57,5	64	6,5
15	50	54	4	15	57,5	70	12,5
16	50	54	4	16	60	80	20
17	65	54	-11	17	65	80	15
18	52,5	80	27,5	18	77,5	90	12,5
19	52,5	64	11,5	19	85	80	-5
20	52,5	54	1,5	20	65	74	9
21	50	60	10	21	77,5	80	2,5
22	77,5	80	2,5	22	65	90	25
23	77,5	80	2,5	23	85	74	-11
24	77,5	80	2,5	24	65	90	25
25	50	54	4	25	75	90	15
26	70	80	10	26	77,5	74	-3,5
27	50	54	4	27	57,5	80	22,5
Σ	1555,5	1732	151	37	1997,5	2216	218,5

Rumus ngitung *t-test* digunakake kanggo ngerteni *efektivitas* medhia kang wis ditrepake ing objek panliten. Rumus *t-test* *signifikasi*, yaiku :

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}}$$

Katrangan :

Mx : biji rata-rata saka deviasi (beda) perklompok kontrol

My: biji rata-rata saka deviasi (beda) perklompok eksperimen

Nx: cacah subjek kontrol

Ny: cacah subjek eksperimen

X: deviasi saben biji *x1* (*pre-test*) lan *x2* (*post-test*) klompok kontrol

Y : deviasi saben biji *x1* (*pre-test*) lan *x2* (*post-test*) klompok eksperimen

$\sum x^2$: cacah kuadrat deviasi klompok kontrol

$\sum y^2$: cacah kuadrat deviasi klompok eksperimen

(Riduwan, 2015 :16)

Tata cara ngitung *t-test* *signifikasi*, yaiku :

6) Ngitung deviasi saben subjek : *d* = biji *post-test* – biji *pre-test*.

7) Ngitung cacah deviasi klompok kontrol

$$\sum x^2 = Mx^2 - \frac{(\sum x)^2}{N}$$

8) Ngitung cacah kuadrat deviasi klompok eksperimen

$$\sum y^2 = My^2 - \frac{(\sum y)^2}{N}$$

9) Nemtokake *t-test* nganggo rumus kasebut.

10) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol $31-1 = 30$ lan saka kelas eksperimen $31-1 = 30$, mula $db = 62-2 = 60$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{\text{tabel}} = 2,05$. Yen $T_{\text{hitung}} \geq t_{\text{tabel}}$ tegese ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Dadi medhia kang dikembangake efektif ing pasinaon teks teks drama modern.

Tahapan ngitung *t-test* *Signifikan* nggunakake SPSS, kayata:

- (1) Mbukak program SPSS kanthi klik **Start>>All programs>>IBM SPSS Statistics>> IBM Statistis 22**,
- (2) Sajrone bab SPSS 22 sing wis kabukak, klik *Variable View*,
- (3) Sajrone kolom *Name*, baris kapisan tulis *kontrol* 2 sajrone label ditulis kontrol, lan kolom *name* baris kapindho tulis *eksperimen* 2 sajrone label ditulis eksperimen. Kanggo kolom liyane *default*,
- (4) Klik dhata *view*,
- (5) Klik **Analyze >> Compare Means>> Paired Samples T Test.**,
- (6) Sabanjure bakal kabukak kotak dialog,
- (7) Nglebokake variable *kontrol* lan *eksperimen* sajrone kotak *Paired Variables*,

(8) Klik **Ok**. Asil output kayata tabel iki:

Tabel 4.71
Asil Uji T-Test Klompok Kontrol lan Klompok Eksperimen
Group Statistics

	VAR00002	N	Mean	Std. Deviation	Std. Error Mean
Beda	1,00	28	9,5714	8,87956	1,67808
	2,00	27	2,3704	7,70189	1,48223

Independent Samples Test

		Levene's Test for Equality of Variances		t-test for Equality of Means						
		F	Sig.	t	df	Sig. (2-tailed)	Mean Difference	Std. Error Difference	95% Confidence Interval of the Difference	
									Lower	Upper
Beda	Equal variances assumed	,012	,913	3,208	53	,002	7,20106	2,24483	2,69850	11,70362
	Equal variances not assumed			3,216	52,426	,002	7,20106	2,23896	2,70912	11,69300

Nemtokake t_{tabel} nggunakake $dk = n_1 + n_2 - 2 = 28 + 27 - 2 = 53$. Kanthi nggunakake taraf *signifikan* sing gedhene 5% mula saka tabel diolehi biji $t_{\text{tabel}} = 2,021$ amarga biji $t_{\text{hitung}} (3,208) > t_{\text{tabel}} (2,021)$, mula bisa disimpulake yen ana pambada kang signifikan antarane biji klompok eksperimen lan biji klompok kontrol. Kanthi signifikan sing gedhene $0,002 < 0,05$. Medhia audhio visual dhiorama *picture frame* kasil ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan.

Efektifitas medhia audhio visual dhioramapicture framediweruhi saka asil pasinaon siswa ing klas eksperimen kang nggunakake medhia lan klas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Saka asil pasinaon rong klas kasebut bakal dibandhingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambada kang signifikan sajrone panganggone medhia audhio visual dhioramapicture frame. Panliten 1 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = $7,96 \geq t_{\text{tabel}} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05 \leq t_{\text{hitung}}$ (kelas kontrol) = $4,88$. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* klas eksperimen lan klas kontrol ngasilake $t_{\text{hitung}} = 2,499 \geq t_{\text{tabel}} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 1 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_1 ditampa. Panliten 2 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = $8,90 \geq t_{\text{tabel}} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05 \leq t_{\text{hitung}}$ (kelas kontrol) = $2,27$. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* klas eksperimen lan klas kontrol ngasilake $t_{\text{hitung}} = 3,20 \geq t_{\text{tabel}} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 2 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_1 ditampa.

Asil *efektifitas* medhia audhio visual dhioramapicture framekang ngasilake dhata kaya ing ndhuwur, nuduhake yen medhia audhio visual dhioramapicture framekang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan.

3. Respon Siswa Tumrap Medhia Audhio Viosual Dhiorama Picture Frame

Dhata respon siswa sawise nggunakake medhia audhio visual dhioramapicture framediklumpukake nganggo instrumen angket respon siswa. Angket respon siswa iki mung disebarake ing klas VII-D minangka klas instrumen lan klas VII-F minangkaklas eksperimen amarga klas kasebut nggunakake medhia audhio visual dhioramapicture framesajrone pasinaon nulis teks dheskripsi. Dudutan asil analisis respon siswa kaya mangkene.

- (1) Respon siswa klas instrumen asil rata-rata persentase yaiku 85,23%, asil kasebut kagaolong “apik”, amarga akeh siswa kang seneng marang medhia audhio visual dhioramapicture frame.
- (2) Respon siswa kelas eksperimen panliten 1 asil rata-rata persentase yaiku 90,75%, asil kasebut kagaolong “apik banget”, amarga akeh siswa kang seneng marang medhia audhio visual dhioramapicture frame.
- (3) Respon siswa kelas eksperimen panliten 1 asil rata-rata persentase yaiku 92,439%, asil kasebut kagaolong “apik banget”, amarga akeh siswa kang seneng marang medhia audhio visual dhioramapicture frame.

Adhedhasar saka asil respon siswa ing klas instrumen lan eksperimen, nuduhake menawa respon siswa marang medhia audhio visual dhioramapicture framekang dikembangake ing panliten iki “apik banget”, kang ateges siswa padha ngrasa seneng lan ngrasa dibantu sajrone proses pasinaon nulis teks dheskripsi nalika nggunakake medhia kasebut. Medhia audhio visual dhioramapicture frameuga narik kawigatene siswa, amarga kuwi proses pasinaon dadi ora mboseni lan siswa ngrasa seneng marang materi nulis teks dheskripsi.

PANUTUP

Adhedhasar asil tintingan kang diandharake ing bab IV bisa didudut yen pangembangan medhia audhio visual dhioramapicture framewis layak digunakake kanggo panliten lan kagolong *efektif* ing pasinaon nulis teks dheskripsi ana ing SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan. Saka asil kabutuhan siswa kang dibagikake bisa didudut yen HP 2,32, kang nduweni makna ora jangkepi kompetensi. Validhasi medhia uga validhasi materi uga wis nganggep yen medhia audhio visual dhioramapicture frameiki layak digunakake ing proses pasinaon teks dheskripsi.

Dhata asil uji *efektifitas*nuduhake yen medhia audhio visual dhioramapicture framekang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis teks dheskripsi siswa klas VII SMPN 1 Maduran Kabupaten Lamongan. Saka dhata respon siswa uga bisa didudut yen medhia audhio visual dhioramapicture frameiki ditanggepi dening siswa kanthi apik. Siswa uga tuwuh rasa seneng lan semangat nyinaoni materi nulis teks dheskripsiamarga ana medhia kang bisa narik kawigatene.

Pamrayoga kasebut uga ora mung marang panliti sabanjure, nanging uga marang guru lan calon guru kang sabendinane menahi piwulangan tumrap siswa-siswane. Para guru dikarepake bisa luwih *kreatiflaninovatif* maneh sajrone menahi piwulangan dening siswa, supaya siswa ora gampang bosen sajrone proses pasinaon. Guru uga dikarepake bisa ngundhakake kawasisan siswa ing sakabehe aspek. Kanthi anane kaya mangkunu bisa ndadekake guru luwih diregani lan diajeni luwih dhuwur uga bisa ngasilake para siswa kang cerdhas lan *kreatif*, bisa migunani tumrap bangsa lan negara Indonesia.

KAPUSTAKAN

- Ahmad, Abdul Karim H. 2007. *Media Pembelajaran*. Makassar: Badan Penerbit Universitas Negeri Makassar
- Arifin, Zainal. 2011. *Penelitian Pendidikan: Metode dan Paradigmatik* Baru. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Arsyad, Azhar. 2009. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Beetlestone, Florence. 2012. *Strategi Pembelajaran untuk Melestarikan Kreativitas Siswa*. Jakarta: Nusamedia
- Darmadi, Hamid. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Alfabeta
- Daryanto. 2010. *Media Pembelajaran Peranannya Sangat Penting dalam Mencapai Tujuan Pembelajaran*. Yogyakarta: Gavamedia
- Hermawan, Asep Herry. 2007. *Media Pembelajaran*. Bandung: Upi Press
- Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Yogyakarta: Diva Press
- Munadi, Yudhi. 2010. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Gaung Persada Press
- Navel, M. 2013. *Penelitian Pengembangan (Research Development)*.
www.navelmangelap.wordpress.com akses Januari 2018
- Nurgiyantoro, Burhan. 2001. *Menulis Secara Populer*. Jakarta Pustaka Jaya
- Nurgiyantoro, Burhan. 1987. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan sastra Indonesia*. Yogyakarta:BPFE

Kemendikbud. 2014. Permendikbud Tahun 2014 Nomor 104 tentang Pedoman Penilaian Hasil Belajar oleh Pendidik. Jakarta: Kemendikbud

Priyatno, Duwi. 2014. *SPSS (pengelolaan data terpraktis)*. Yogyakarta: CV Andi Offset

Riduwan, 2013. *Dasar-dasar Statistika*. Bandung: Alfabeta

Sadiman. 2010. *Media Pendidikan, Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatan*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada

Sudjana, N., & Rivai. A. 2010. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo Offset

Sudjana, Nana. 2005. *Penelitian Hasil Proses Belajar dan Mengajar*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian Kualitatif, Kuantitatif, dan R&D*. Bandung:

Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta PT Remaja

Sugiyono. 2007. *Statistika Untuk Penelitian*. Bandung: Alfabeta PT Remaja

Susilo. 2009. *Penelitian Tindakan Kelas*. Yogyakarta: Pustaka Book Publisher

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa

Trianto, 2007. *Model Pembelajaran Terpadu dalam Teori dan Praktek*. Jakarta: Prestasi Pustaka

<http://navelmangelep.wordpress.com/tag/hakikat-penelitian-pengembangan/> dideleng 11 Januari 2018

<http://www.avantgardeguru.com/download/media-pembelajaran-diorama/> dideleng 23 Desember 2017

<http://www.definisi.org/search/media-diorama-adalah> dideleng 23 Desember 2017